1



Manman chen an gen 4 ti chen.

6



Tilou di :
« Nou  gen vètèb tou. Nou se vètebre. »

2

Manman chen an kouche a tè.
Ti chen yo ap tete.



5

Lili di : « Gen ti boul nan do ti chen an. »
Zando di : « Boul yo se vètèb. Chen yo se vètebre.»





Lili di : « Ti chen an se vètebre.
M ap ba li non Vèti. »

# Vèti, ti chen an



Lakou Kajou

©2022 dwa d otè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Yon ti chen vin sou Lili.
Ti chen an ap bat ke li.





Ti chen an vle jwe.
Lili ap jwe ak ti chen an.

